Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 31 (6917) 19 август 2024 с. Итни Сафар 1446 с. Багьа - эркенаб


БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Россиялъул аскаралда гъорлъе лъугьин, налогал кьей, кьиндаллъиялде хIадурлъи...

### Гьабураб хIалтIул ва тIуразе ругел масъалабазул бицана

**2024-абилеб соналъул 12-абилеб августалда бакълъулазул администрациялда муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул нухмалъиялда араб анкьил хIасилал гьарураб, Россиялъул Минобороныялъулгун къотIи-къай гьабун, рагъулаб борч борхиялъул, цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, регионалиял, бакIалъулал идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.**



Дандеруссиналъул байбихьуда ГIалихан ДавудхIажиевас Россиялъул Минобороннялъулгун контракт хъваялда тIасан баянал гьаруна. «Федералияб, регионалияб ва бакIалъулаб тIалъиялъ гIарцулаб кумек гьа булеб буго ва цогидал бигьалъаби чIезариялде кIвар кьолеб буго контракт хъвараʒе», - ян абуна ДавудхIажиевас.

Районалда ругел идарабазул вакилзабаз араб анкьалъ гьарурал хIалтIабазул бицана ва тIуразе ругел масъалаби рехсана. Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевасул рагIабазда рекъон, цIияб цIалул соналде жигарго хIадурлъулел руго.

Муниципалитеталъул маданияталъул, библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас бицана росабалъе хIалтIулаб сапар бухьиналъул маданияталъул рукъзабахъ хинлъи чIезабиялъул халгьабизе мурадалда.



ЕГИССО, ГАС «Управление» порталазде баянал росиялъул, биркованиялъул, киналго тайпабазул налогал гIужда кьеялъул, ва цогидал кIвар бугел суалалги рорхана тадбиралда. Данделъиялъул ахиралда ГIалихан ДавудхIажиевас хитIаб гьабуна тIадал ишал гIужда ва лъикI тIураялде кIвар кьеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ТIИБ

# Росабалъ сахлъи цIуни цебетIеялда тIасан пикраби загьир гьаруна



**Муниципалитеталъул администрациялда араб анкьалъ сахлъи цIуниялда хурхарал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев, МухтарахIмад АхIмадов, районалъул Централияб больницаялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдураупова, росабазул нухмалъулел ва цогидал.**

Дандеруссиналда гIахьаллъараз сахлъи цIуниялъул бакIал къаялда, бакIалъулал хурхарал цогидал масъалабазулги бицана.



больницаби къачIаялда тIасан пикраби загьир гьаруна. Росабалъ сахлъи цIуни цебетIеялда

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Гъалип Гъалипов – 1999-абилеб соналъул ахIи къабул гьабурав**

- 2 гьум.



**«Киналго цадахъ хъачагъазда данде»**

- 2 гьум.



**Загьра ГIабдулаева: «ГIарцудалъун, рагIудалъун кьварид вугесе кумек гьаби – нилъер борч»**

- 2 гьум.



**ЦIунди-Щабдухъа Къурбан Мурадовасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ турнир**

- 2 гьум.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Гъалип Гъалипов – 1999-абилеб соналъул ахIи къабул гъабурав

### ГIагараб ракьалъул гIорхъи бахIарчиго цIунана

**1999-абилеб соналъул августалда Дагъистаналде халкъазда гьоркьосел хъачагъал кIанцIидал, ВатIан хирияв нилъер республикаялъул гIадамал, гIагараб ракь цIунизелъун тушбабазда данде бахIарчиго рагъана.**

Августалъул байбихьуда террористаз ккуна ЦIумада, Болъихъ районазул цо-цо росаби. Хехаб параялъ гIорхъи цIунизе хIаракат бахъана бакълъулаз. Гумбет район буго чачаназул Ножай-Юрт районалъул гIорхъода. ВатIан цIунизе мурадалда кьокъаби гIуцIана. Милициялъул хIалтIухъабазда цадахъ гIорхъи цIунизе рахъана гьел.

Район тун кватIир рукIарал бакълъулалги гIагараб ракь цIунизе рачIана. Гьезда гьорлъ вукIана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповги. 1999-абилеб соналъул августалда Гъалиповас ва ракьцояз килдерил мугIрул цIунана. Тушманасдаса ракь цIунизе буго гьев гьира бихьизабуна.



1999-абилеб соналъ Дагъистаналде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел хъачагъал щузахъ риххизаруралдаса 25 сон иналъул хIурматалда макъалаби жеги рахъизе руго. БахIарчияв бакълъулазул цIарал кIочене гьечIо.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Токил мухъал къачIай, хIубал хиси

### Бакълъулазул энергетикал кьиндаллъиялде хIадурлъулел руго

**Хаслихълъигун кьиндаллъиялде хIадурлъиялъул хIалтIаби нухдаинариялда рекъон Бакълъул районалда бугеб «Россети Северный Кавказ»-«Дагэнерго» ПАОялъул филиалалъул хIалтIухъабаз цо-цо росабалъ токил хIубал хисулел руго.**

Гумбеталъул РЭСалъул бетIерав инженер Камалдин ГIалиевасул рагIабазда рекъон, Игъали, Аргъвани, Килалъ, ТIад Гъарадирихъ, Гъоркь Гъарадирихъ, Кунзахъ росабалъ хIалтIаби гьаруна. Басралъарал токил мухъал хисиялъул хIалтIи тIадбан унеб буго районалда.



**Зугъра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Киналго цадахъ хъачагъазда данде»

### МагIарулазул хъвадурахъабаз бахIарчиял дагъистаниял ракIалде щвезаруна

**Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул цольиялъул магIарул секциялъул нухмалъулев, республикаялъул «Гьудуллъи» журналалъул редактор ва Дагъистаналъул Расул ХIамзатовасул цIар кьураб миллияб библиотекаялъул бетIерай библиотекарь, халкъияй шагIир Сабигат МухIамадова гIахьаллъана «Киналго цадахъ хъачагъазда данде» абураб акциялъулъ. Гьеб тIобитIун букIана нилъер республикаялда тIаде халкъазда гьоркьосел террористал кIанцIаралдаса 25 сон иналда бан.**

ДРялъул миллияб библиотекаялъул миллияб адабияталъул ва краеведениялъул отделалъул бетIерай библиотекарь, Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъай хIалтIухъан ПатIимат ХIажиевалъ бицана кIвар цIикIкIарал тарихазда хурхун гьарулел тадбиразул.



Абизе ккола Дагъистаналъул хъвадарухъабазул, шагIирзабазул асаразулъ гIемер бихьизабуна, бицана нилъер халкъалъ 1999-абилеб соналъ бихьизабураб бахIарчилъиялъул, кьохIехьеялъул.

ХIамзат ГIизудиновасул «ХIамилгIин» абураб гьел лъугьа-бахъиназда хурхун хъвараб пьеса Россиялъул тIаса рищарал асаразде гьорлъе ккана. Сабигат МухIамадовалъ 2024-абилеб соналъ цIияб тIехь бахъана 1999- абилеб соналъ бахIарчилъи бихьизабурал дагъистаниязул хъвараб. «Гьигъалъа ополченец» абураб тIехьалда ГIумарасхIаб ГъазимухIамадовасул гьуналъул бицунеб буго.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# ЦIунди-Щабдухъа Къурбан Мурадовасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ турнир

### «Медресе» команда бергьана

**Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав ЦIунди-Щабдухъ росулъа Къурбан Мурадовасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ рагъараб турнир тIобитIана Дагъистаналда. Тадбир гIуцIаразул цояв вукIана цебе рехсараб росдал нухмалъулесул заместитель МухIамадкамил Мурадов.**



Спортивиял къецал тIоритIана Хасавюрт шагьаралъул лъималазул футболалъул «Бергьенлъи» стадионалда. Турниралъул чемпионлъун бахъана «Медресе» команда. КIиабилеб бакI босана «Торпедо» командаялъ, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана «Аль-Инсан» команда.

Бергьенлъи босаразе ва къиматал бакIал щвараз кубокал, медалал, грамотаби ва цогидал сайгъаталги кьуна.

Спортивияб тадбир гIуцIиялъулъ гьединго гIахьаллъи гьабуна Садрудин ХIабибулаевас, сахаватчи Нажмудин Аслодиновас ва цогидаз. Хурматиял гьалбаллъун турниралда рукIана Къурбан Мурадовасул эмен Дибир Мурадов, ВатIан цIунулаго тIадвуссинчIесул имгIалзаби ХIажимурад, Султанбег ва цогидал гIага-божарал.

Тадбир гIуцIараз баркала загьир гьабуна лъималазул «Бергьенлъи» академиялъул президент Гъайирбег Мирзобековасе стадин кьеялъухъ ва цогидаб гьабураб кумекалъухъ.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# Загъра ГIабдулаева: «ГIарцудалъун, рагIудалъун къварид вугесе кумек гьаби – нилъер борч»

### Бакълъулазул руччабаз Курскалъул областалъул гIадамазе кумек гьабуна

**Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIаз Украиналъул неонацистаз гъужум гьабураб Курскалъул областалъул гIадамазе гIарцулаб кумек гьабуна.**

Муниципалитеталъул женсоветалъул нухмалъулей Загъра ГIабдулаевалъул рагIабазда рекъон, финансовияб кумек гьабуна «РекIел ахIиялда рекъон» абураб женсоветалъ гIуцIараб гурхIел-рахIмуялъул фондалдаса.



«ГIарцудалъун, рагIудалъун къварид вугесе кумек гьаби – нилъер борч. Украиналъун гIорхъода ругел областазул гIадамал тушманасул рекIкIгун дандчIвана, гьезие кумек гьабизе бокьана районалъул женсоветалъул щияй гIахьалчIужуялъе.

РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго кумекалъе гIедерал бакълъулазул руччабазул гIуцIиялда гьорлъ ругезе. Нужер сахавалъиялдаса чIухIарай йиго дун»,- ян абуна Загъра ГIабдулаевалъ.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

СТРАНА ГОР

## Минсельхозпрод РД планирует проведение республиканской сельскохозяйственной ярмарки



**В субботу, 24 августа, Минсельхозпрод Дагестана совместно с администрацией г. Махачкалы планирует проведение регионального сельскохозярмарки.**

Торговая площадка развернется в столице РД на ул. Пушкина (от пересечения с ул. Ярагского до ул. Леваневского).

Детальная информация по ссылке: https://t.me/mcxprd/8450.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Индексацию пенсий работающих пенсионеров возобновят с 2025 года в Дагестане

**С 2025 года пенсии работающих пенсионеров в Дагестане будут индексироваться в соответствии с изменениями в федеральный закон о страховых пенсиях. Индексация будет проводиться так же, как и для неработающих пенсионеров, то есть ежегодно с учетом инфляции за предыдущий год.**




Напомним, что с 2016 года пенсии работающих пенсионеров не индексировались. Все повышения учитывались на их лицевых счетах, и после увольнения они получали выплаты с учетом всех пропущенных индексаций.

«Согласно новым правилам все виды страховых пенсий, включая пенсии по инвалидности и по потере кормильца, будут индексироваться независимо от работы. При этом индексация будет производиться не к текущей пенсии, а к ее более высокому размеру, который включает пропущенные индексации за время работы. Это позволит обеспечить более значительное повышение выплат», — пояснил Магомед Исаев, исполняющий обязанности управляющего Отделением Социальным фондом по Дагестану.

Например, если пенсия работающего пенсионера составляет 17 400 рублей, а с учетом пропущенных индексаций за три года ее размер составляет 23 400 рублей, то индексация будет рассчитана именно от 23 400 рублей.

Возобновление индексации пенсий работающих пенсионеров в 2025 году пройдет автоматически. Никаких действий от граждан не требуется.

**РИО «Гумбет»**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙДУХ

## Ребёнок из Дагестана получил редкий препарат от дистрофии благодаря президентскому фонду

**Президентский фонд «Круг добра» обеспечивает доступ к дорогостоящему лечению для детей по всей России.**



С конца июня препарат от мышечной дистрофии Дюшенна получили 13 российских детей, в том числе мальчик из Дагестана. Препарат разработан совсем недавно, и благодаря «Кругу добра» российские дети получили к нему доступ практически сразу после его появления на рынке. Россия – одна из первых стран, где это лекарство стало доступным. «Элевидис» считается одним из самых дорогих в мире. Переговоры с производителем о его поставках в Россию велись с участием Федеральной антимонопольной службы, чтобы создать необходимые условия поставок ещё не зарегистрированного в России препарата.

«У таких пациентов одни из первых симптомов, неожиданных, которые могут случайно выявляться, — это повышение уровня фермента креатинфосфокиназа, а также ЛДГ, АЛТ, АСТКроме того, могут быть клинические проявления. Это нарушение походки, трудности вставания с пола, ребёнок начинает хвататься за предметы, быстро устает, часто падает, у него увеличены голени, это называется псевдогипертрофия голени. Вот такие простые симптомы, на которые можно обратить внимание не только родителям, но и воспитателям в детском саду, и педиатрам», – пояснил руководитель детского нервно-мышечного центра Научно-исследовательского клинического института педиатрии и детской хирургии имени академика Ю.Е. Вельтищева Дмитрий Влодавец. Экспертный совет фонда получил и одобрил уже 24 заявки на «Элевидис». До конца года препарат получат несколько десятков детей. Фонд «Круг добра» создан указом президента в 2021 году для поддержки детей с тяжелыми жизнеугрожающими и хроническими заболеваниями, в том числе редкими заболеваниями.

С момента своего создания фонд уже помог более 25 тысячам детей, страдающих от тяжелых и редких заболеваний. В перечне уже 98 тяжёлых и редких заболеваний, закупается 116 наименований лекарственных препаратов, медицинских изделий, технических средств реабилитации, за счёт средств, предназначенных фонду, оказывается 9 видов высокотехнологичной медицинской помощи. Всего с 2021 года на помощь детям через фонд «Круг добра» направлено более 322 миллиардов рублей.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Как избежать задолженности за услугу газоснабжения?

**Напоминаем о своевременной оплате за газ, а также разъясняем как не накапливать долги, а если есть долг – то необходимо незамедлительно обращаться в абонентский пункт по месту проживания.**




• Возьмите за правило вовремя передавать достоверные показания счетчика газа до 25-го числа текущего месяца. В этом случае начисление за газ производится по фактическому потреблению. Если в квартире (доме) никто не проживает и газом не пользуется, ежемесячно передавайте не меняющиеся показания.

• Если не передавать показания счетчика, первые три месяца начисляют по среднемесячному расходу газа, рассчитанному за 12 месяцев. Потом по нормативу потребления. Его рассчитают исходя из площади помещения (если газ используется для отопления) или количества проживающих граждан (если газ идет на нужды пищеприготовления и/или подогрева воды). Это значительно дороже, чем на основании показаний счетчика!

• Своевременно и в полном объеме оплачивайте за газ! Забыли, не успели – все это, как снежный ком, может привести к увеличению задолженности, оплатить которую будет сложно. Поэтому квитанции за газ ежемесячно до 10 числа месяца

• Следите за сроком поверки счетчика газа. Счетчик является собственностью абонента, поэтому на него возложена обязанность следить за целостностью пломб, техническим состоянием прибора и своевременно организовывать его поверку. Если вовремя не провести поверку, начисления будут производиться по нормативам потребления, а это может привести к образованию долга.

• И еще один важный совет: используйте дистанционные сервисы для оплаты за газ и передачи показаний счетчика. Зарегистрируйтесь в «Личном кабинете» абонента на сайте «Газпром межрегионгаз Махачкала» https://www.mkala-mrg.ru/ . Им удобно пользоваться, и можно подключить несколько лицевых счетов, платить за родителей и пожилых родственников, чтоб они не посещали кассы и не стояли в очередях.

Также для смартфонов доступны приложения «Газ Онлайн» и «Мой Газ», где удобно оплачивать за газ за родителей, родственников, даже если вы живете в разных населенных пунктах.

Все вопросы по газоснабжению и о наличии задолженности за газ можно задать специалистам «Контакт-центра» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 (с 9 до 18.00 ч.).

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Военная служба по контракту – защита Родины, забота о своей семье

**С учетом федеральной выплаты 400 тысяч рублей, республиканской – 500 тысяч рублей и муниципальной от 100 тысяч рублей, гражданин, заключивший контракт в Дагестане для участия в зоне СВО, получает единовременную выплату от 1 млн рублей.**

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Единый электронный дневник внедрят во все школы РД с 1 сентября

**Региональная информационная система «Электронное образование Дагестана» — это единая образовательная платформа для преподавателей, учеников и родителей.**




Она объединяет в себе электронный журнал, дневник, библиотеку и сервис «Портфолио». Об этом сообщается на телеграм-канале Информцентр. Дагестан. Как отмечается, использование сервисов позволит всем учащимся иметь доступ к учебным изданиям.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Участник СВО Гусен Каримгаджиев из села Кунзах награждён медалями Жукова и «За боевые отличия»






**Участник спецоперации по денацификации и демилитаризации Украины сержант Каримгаджиев Гусен Абдулмуталибович из села Кунзах Гумбетовского района награждён медалями Жукова, «За боевые отличия» и «Участнику специальной военной операции».**

Гусен Каримгаджиев принял участие в освобождении городов Мариуполь, Попасная, других населённых пунктов Новороссии. В ходе спецоперации был ранен, не оставил подбитую технику, вывел колонну после обстрела врага. Прошёл курс лечения, вернулся в строй. Внёс свой вклад в становление Донецкой Народной Республики, Луганской Народной Республики, был задействован на Марьинском направлении, также при освобождении города Лисичанска.

Обеспечивает боеприпасами подразделения, штурмующие Часов Яр на Артёмовском направлении. Гусен Каримгаджиев подписал контракт с Минобороны России в 2020 году. У него растут двое сыновей – Абдулмуталибу исполнилось шесть лет, Аюбу – четыре. Отметим, что село Кунзах входит в администрацию сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”».

Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Гусена Каримгаджиева с получением наград, пожелал ему крепкого здоровья, только побед и всего наилучшего.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

### Постановление

**15. 08.2024г.** **№93**

**О внесении изменений в Постановление администрации МР «Гумбетовский район» №56 от 16.05.2024 года «Об оказании социальной помощи и социальной поддержки жителям МР «Гумбетовский район», являющимся участниками Специальной военной операции и членам их семей»**

**В целях реализации мер, предусмотренных Указом Президента Российской Федерации от 19.10.2022г №757, администрация муниципального района «Гумбетовский район»**

**Постановляет:**

Внести изменения в Постановление администрации МР «Гумбетовский район» №56 от 16.05.2024 года «Об оказании социальной помощи и социальной поддержки жителям МР «Гумбетовский район», являющимся участниками Специальной военной операции и членам их семей», изложив пункт 5.1. Положения об оказании социальной помощи и социальной поддержки жителям МР «Гумбетовский район», являющимся участниками Специальной военной операции и членам их семей, в следующей редакции:

«5.1. Выплата единоверной помощи участникам СВО, в размере 200000 (двести тысяча) рублей;».

Настоящее постановление опубликовать в газете «Гумбет» и разместить на официальном сайте органов местного самоуправления МР «Гумбетовский район».

Настоящее постановление вступает в силу с момента его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 августа 2024 года.

Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за

**Врио главы МР «Гумбетовский район»**
**А. И. Давудгаджиев**

РИТМ ГУМБЕТА

## Магомед Абдулхалимов принял участие в совещании по горно-долинному развитию садоводства

**На совещании по вопросам развития горно-долинного садоводства в Ботлихском районе руководители районных органов управления АПК рассказали о перспективах садоводства в муниципалитетах и обозначили вопросы, требующие решения для развития этого направления. В частности они обратили внимание на земельные вопросы, а также обеспеченность поливной водой и кадрами. Начальник отдела сельского хозяйства Гумбетовского района Магомед Абдулхалимов сообщил, что за последние четыре года площадь садов в муниципалитете выросла на 136 га и достигла 548 га.**





При этом в 2025 году запланирована закладка еще 25 га интенсивных садов на террасах. По его словам, восстановление работы насосной станции позволит ввести в оборот дополнительно 170 га земель. Начальник управления сельского хозяйства Ботлихского района Расул Мухтаров отметил, что муниципалитет обладает потенциалом расширения площадей под садами на 1 тыс. га. В скором времени планируется закладка первых 30 га садов.

**РИО «Гумбет»**

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МельелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГІабдулкъадирова

Корреспондентал:
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр
ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.